

FEYÈ ENFÒMASYON: Pwoteksyon Kont Diskriminasyon nan Travay ki Baze sou Desizyon Konsènan Sante Seksyèl ak Repwodiksyon

Apati 20 me 2019, Nouyòkè yo pwoteje kont diskriminasyon nan travay ki baze sou desizyon yo konsènan sante seksyèl ak repwodiksyon. Sa vle di patwon yo pa ka pran okenn aksyon negatif kont yon anplwaye ki motive nan nenpòt fason konsènan desizyon anplwaye a sou sante seksyèl oswa repwodiksyon.

K. Kiyès ki pwoteje?

R. Pifò anplwaye ak aplikan travay nan Vil Nouyòk yo pwoteje. Si yon patwon gen kat (4) oswa plis anplwaye, yo pa kapab fè diskriminasyon kont anplwaye oswa moun yo k ap aplike pou travay. Travayè ak aplikan yo pwoteje kèlkeswa si pozisyon an se aplentan, atan pasyèl oswa yon estaj. Kontraktè endepandan ki pa gen pwòp anplwaye yo pwoteje tou.

K. Ki sa ki "desizyon konsènan sante seksyèl ak repwodiksyon"?

R. Nenpòt desizyon pou resevwa sèvis ki gen rapò ak sistèm repwodiktif la ak fonksyon li yo. Sa a gen ladan, men se pa sa sèlman:

- sèvis planin famiyal ak konsèy sikolojik, tankou avòtman, kontwòl nesans, kontrasepsyon annijans, esterilizasyon, ak tès gwosès;
- pwosedi medikal ki gen rapò ak fètilite: ak
- prevansyon kont maladi seksyèlman transmisib, tès depistaj ak tretman maladi seksyèlman transmisib.

K. Èske sa enkli desizyon pou resevwa terapi òmòn oswa swen ki gen rapò ak tranzisyon pou Nouyòkè transjan yo?

R. Wi. Moun ki transjan yo pwoteje kont diskriminasyon dapre desizyon yo pran pou yo resevwa terapi òmòn oswa lòt swen ki gen rapò ak tranzisyon ki enplike sistèm repwodiktif la oswa fonksyon li yo. Sa kapab tou diskriminatwa sou baz sèks, ak nan kèk ka, andikap.

K. Ki jan de aksyon yo entèdi?

R. Patwon yo entèdi pou yo trete anplwaye yo mwens byen pase lòt anplwaye yo oswa pou yo anmède yo akòz desizyon yo pran sou sante seksyèl oswa repwodiktif yo. Men kèk egzanp vyolasyon:

- yon patwon k ap kritike yon anplwaye plizyè fwa poutèt li fè tretman fekondasyon en vitwo (IVF), patwon an kwè ki pa "natirèl";
- yon patwon ki revoke yon anplwaye apre li fin aprann anplwaye a te fè yon avòtman;
- yon sipèvizè evite reyinyon ak youn nan anplwaye yo nan ekip yo apre yo fin aprann anplwaye a chèche tretman prevantif kont viris imino-defisyans imen an (VIH).

K. Èske patwon yo oblije fè aranjman, tankou konje pou yon pwosedi medikal oswa randevou medikal, pou yon desizyon sou sante seksyèl oswa repwodiktif?

R. Non. Men, si pwosedi a oswa randevou a gen rapò ak yon andikap, oswa ak gwosès, akouchman, oswa ki gen rapò ak yon kondisyon medikal, patwon an gendwa oblije fè yon aranjman rezonab. Chèche jwenn konsèy Komisyon an sou diskriminasyon ki baze sou gwosès ak diskriminasyon ki baze sou andikap sou sitwèb nyc.gov/site/cchr/law/legal-guidances.page pou plis enfòmasyon.

K. Ki konsekans ki genyen pou patwon yo jwenn ki vyole lwa a?

R. Yo ka oblije peye domaj, yon amann, ak/oswa yo ka responsab pou plis soulajman afimatif tankou egzijans obligatwa pou fòmasyon ak afichaj.

Si ou te fè eksperyans diskriminasyon ki baze sou desizyon sante seksyèl ak repwodiktif, nou ka ede. Kontakte Komisyon sou Dwa Moun nan NYC lè w rele 311 oswa Liy Enfòmasyon Komisyon an dirèkteman nan 212-416-0197. Pou plis enfòmasyon, vizite NYC.gov/HumanRights.